# MIGRACIYA TARIYXÍ – BUL INSANIYAT TARIYXÍ

**Utepova Genjexan Baltabaevna –** *geografiya ilimleriniń kandidatı, docent*
utepova.genjexan@mail.ru
*Ájiniyaz atındaģı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ИСТОРИЯ МИГРАЦИИ – ЭТО ИСТОРИЯ ЧЕЛОВЕЧЕСТВА

**Утепова Генжехан Балтабаевна** – *кандидат географических наук, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE HISTORY OF MIGRATION – THE HISTORY OF HUMANITY

**Utepova Genjekhan Baltabaevna –** *Candidate of Geografical Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch soʻzlar:** migratsiya, migratsiya tariyxi, iqtisodiy, demografik, siyosiy, ijtimoiy, ekologik omillar.

**Rezyume.** Maqolada asosan tarixiy davrlarda dunyo aholisining migratsion haraкktlari (koʻchishi), migratsion harakatlariga ta’sir koʻrsatuvchi iqtisodiy, demografik, siyosiy, ijtimoiy va ekologik omillar haqila soʻz boradi.

**Ключевые слова:** миграция, история миграции, экономический, демографический, политический, социальный, экологический, факторы миграции.

**Резюме.** В данной статье в основном рассматриваются миграционные движения населения мира в исторические периоды, а также экономические, демографические, политические, социальные и экологические факторы, влияющие на миграционные движения

**Key words:** migration, the history of migration, the economic, demographic, political, social, environmental factors of migration.

**Summary.** This article mainly discusses the migration movements (migration) of the world’s population in historical periods, economic, demographic, political, social, and ecological factors influencing migration movements.

**Kirisiw.** Migraciya – xalıqtıń territoriyalıq háreketiniń tiykarġı túri bolıp, ol tábiyat penen insan arasındaġı baylanıs júzege kelgennen beri qáliplesip hám rawajlanıp kelmekte. Migraciya sózi latınsha *«miqration»* sózinen alınġan bolıp, *kóshiw, háreket* degen mánisti bildiredi.

Adamzat tariyxı dawamında júdá kóp hám keń kólemli migraciyalıq kórinisler júzege kelgen. Antik dáwiri basında júz bergen hám ádebiyatlarda «xalıqlardıń ullı kóshiw dáwiri» dep atalġan migraciyalıq háreketleri Evropa hám Aziyadaġı kóplegen xalıqlardıń etnikalıq quramına úlken tásir etti. Oraylıq hám Arqa Evropaġa german xalıqlarınıń jaylasıwı, olardıń Britaniya atawlarına kirip barıwı usı dáwirlerge tuwra keledi. Usı dáwirde slavyan xalıqları Shıġıs Evropa hám Balkan yarım atawın iyeledi. Orta Aziyada túrkiy xalıqlar payda boldı. Arablardıń kóterilisleri, mongollardıń júrisleri hám basqalar uzaq ótmish xalıqlarınıń migraciyalıq háreketlerinen derek beredi. VII-X ásirlerde ġalabalıq kóshiwlerdi Arabstan yarım atawında jasawshı arab qáwimleriniń Arqa Afrika, Pireney yarım atawı, Jaqın hám Orta Shıġıs territoriyaların basıp alġanlıġı jáne bul jerlerde Islam dini hámde arab jazıwın keń kólemde en jaydırġanlıġı tariyxıy dereklerden belgili. Arablardıń bunday júrisleri nátiyjesinde Egipet hám Marokko aymaqlarında da arab qáwimleriniń payda bolıwına sebepshi boladı.

**Ádebiyatlarġa sholıw.** Xalıqtıń migraciyası bir qatar faktorlar tásirinde ámelge asadı. Bul faktorlardı shártli túrde ekonomikalıq, demografiyalıq, siyasiy, social hám ekologiyalıq faktorlarġa bóliw múmkin degen pikirdi ortaga таслайды M.Hakimov [4]. L.L.Rıbakovskiy migraciyanıń sociallıq faktorları degende migraciyalıq processke insanlardıń ruwxıy dúnyasınıń tásirin túsinedi [3]. M.Q.Qaraxanovtıń pikiri tómendegishe, migraciyalıq processtegi social faktorlar – bul adamlardıń ilimiy tájiriybesi hám maġlıwmatı qanshelli joqarı dárejede bolsa, onıń migraciyalıq jıldamlılıġı sonshelli tez boladı hám ol sanalı túrde ilimiy tájiriybesinen nátiyjeli paydalanıwı mumkin bolġan jerdi izleydi [2]. Alikhan Amannıń pikirinshe, Ózbekstannıń Aral boyı aymaqlarınan 1990-jıllarda Qazaqstanġa 30 mıńġa shamalas, Turkmenstanġa 4mıń hám Ózbekstannıń basqa aymaqlarına 20 mıńġa shamalas adam kóship ketiwge májbúr bolġan [1].

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Insaniyat migraciyasınıń keskin jedellesiwine tikkeley tásir kórsetken dáwir bul “Ullı geografiyalıq ashılıwlar dáwiri” (XV ásir aqırı - XVII ásir ortası) bolıp tabıladı. Bul dáwirler adamlardıń ġalabalıq tárizde kóshiwine tiykar boldı. XV-XVIII ásirlerde aldın Ispaniya hám Portugaliyadan, keyinirek bolsa Angliya hám Franciya mámleketlerinen Amerika dúnya bólegine kóplegen adamlar kóship baradı. Usı dáwirlerde (úsh ásir dawamında) Amerika arzan jumısshı kúshine mútájligi sebepli bir neshe millionlaġan negrlerdi qul retinde Afrikadan alıp ketken XIX ásir ortalarında Evropadan Amerikaġa xalıqtıń kóship barıwı jánede arttı hám ol XX ásirdiń ortalarına shekem dawam etti. Ekinshi Jer júzilik urısına shekem Amerikaġa kóship barġanlardıń kópshiligi AQShna tuwrı keldi. Bunday ġalabalıq tárizde xalıq háreketleriniń baslı sebebi ekonomikalıq faktor bolıp tabıladı.

Xalıqtıń migraciyası kapitalizmniń rawajlanıwı menen birge kúsheyip bardı. Evropada kapitalizmniń rawajlanıwı nátiyjesinde jumıssız hám jersiz diyqanlar sanınıń kóbeyiwine sebepshi boldı. Bul dáwirlerde Evropadan Amerikaġa, Avstraliyaġa hám basqa da dúnya bóleklerine kóship barıwshılar ushın belgili dárejede jeńillikler hám de jetkilikli muġdarda jerler bólip beriletuġın bolġan. Bul jaġdaydan keyin Evropadan basqa dúnya bóleklerine ásirese Amerika, Avstraliya, Jańa Zelandiyaġa adamlardıń kóship ketiwi jedellesti. XVIII ásirdiń ortalarınan ekinshi dúnya júzlik urıs dáwirine shekem Evropadan basqa dúnya bóleklerine 70 mlnnan artıq adam kóship ketken. 1861-1914-jıllar aralıġında Rossiyanıń batısınan shıġısına 5 mlnġa jaqın xalıq kóship ótti. Xalıqtıń regionlar aralıq hám kontinentler aralıq migraciyalıq háreketleri nátiyjesinde

júdá kóp mámleketlerde xalıqtıń etnikalıq quramı aralasıp olardıń túrleri kóbeyip ketti. Házir AQSh, Kanada, Braziliya, Argentina, Avstraliya, Jańa Zelandiya sıyaqlı mámleketlerde jasap atırǵan xalıqtıń $^5/_6$ bólegi Evropalılardıń áwladları esaplanadı. Tek ǵana AQShnıń ózinde 90% xalıq Evropadan kelgenler yamasa olardıń áwladları esaplanadı. AQShqa Evropanıń ayırım mámleketlerinen kóship barǵan xalıqlar házirgi waqıttada óz aldına jasawǵa háreket etedi. Mısalı, AQShnıń arqa shıǵısında tiykarınan Ullı Britaniya hám Irlandiyadan kóship barǵanlar jasaydı.

Migraciyanıń jedellesiwine mámleketler arasında bolıp turatuǵın hár qıylı urıslarda tásir etedi. Urıs dawam etip atırǵan waqıttaǵı migraciyalıq háreketler túri kóbinese waqıtsha migraciya boladı. Mısal retinde búgingi kúnde dawam etip atırǵan (2022) Rossiya hám Ukraina mámleketleri arasındaǵı keskin urıstı keltirip ótsek boladı. Bunday jaǵdaylarda xalıq áskeriy háreketler zonasınan qashıp qáwipsiz regionlarǵa májbúriy kóship ótip waqıtsha jasaydı. Urıs tamamlanǵannan keyin shegaralardıń ózgeriwi, jańa mámlekettiń dúziliwi hám t.b. jaǵdaylar turaqlı migraciyaǵa sebepshi boladı.

Tilsimli úlke esaplanǵan Amerikaǵa xalıqtıń kóship barıwı ekinshi Jer júzilik urısınan keyinde toqtaǵan joq. Hátteki, burınǵı Awqam respublikaları óz aldına mámleket bolıp ǵárezsizlikke eriskennen keyinde bul process jedel tús aldı. 1993-jılı AQSh prezidentiniń burınǵı Awqam aymaǵındaǵı intelligent insanlar hám qánigelerdiń AQShna kóship keliwine barınsha qolaylıqlar jaratıw haqqındaǵı is-ilajları bul mámleketke migrantlar aǵımınıń jánede kóbeyiwine túrtki boldı. Bul procesti ilimpazlar ilimde *"zıyalılardıń ketiwi"* (aqıllılardıń ketiwi) dep ataǵan. Burınǵı Awqamnıń bólsheкleniwi kóplegen matematik, kompyuter programmistleri, ximik, fizik, biolog sıyaqlı ilimpazlar hám qánigelerdiń Amerikaǵa ketiwi, ǴMA mámleketlerindegi intellektual potencialdıń tómenlewine alıp keldi. Evropadan hám burınǵı Awqam mámleketlerinen Amerikaǵa kóship barǵan "zıyalı qatlam" usı aymaq xalqı menen birge mámlekettiń social-ekonomikalıq turmısına unamlı úlesin qosıp atır.

Kontinent hám materikler arasındaǵı migraciya procesi tek ǵana Evropa hám Amerikada emes, Evropa hám Afrika, Evropa hám Avstraliya, mámleketlerden Qıtay hám Koreya arasında da aktiv kóriniske iye boldı. Evropadan Afrikaǵa adamlardıń mexanikalıq háreketi de XIX ásir ortalarına tuwrı keledi. Dereklerde kórsetiliwinshe 1960-jılda Afrikada kóship barǵan jańa evropalılar sanı 6 mln adamǵa jetken. Evropalılar ásirese Afrika materiginiń arqa hám qubla aymaqlarına kóship barǵan. Dáslep olardıń kóship barǵan aymaqları Afrikanıń qımbat bahalı tábiyiy resurslarǵa eń bay jerleri bolǵan. Keyinrek kópshilik Afrika mámleketleri óz aldına ǵárezsizlikke eriskennen keyin kóship barǵan ayırım adamlar óz watanına qaytıp ketken.

Evropadan kóship ketip atırǵan xalıq bul jerdegi mámleketler ushın úlken joǵaltıw bolıw menen birge xalıq sanınıń qısqarıwına da sebepshi boldı. Biraq ayırım mámleketler ushın migraciyanıń áhmiyeti joqarı boldı. Atap aytqanda, burınǵı Awqamnıń bólinip ketiwi nátiyjesinde bólinip shıqqan respublikalar birqatar social- ekonomikalıq hám siyasiy máselelerin biyǵárez sheshiw múmkinshiligine iye boldı. Bul jaǵday óz gezeginde xalıqtıń háreketsheńligine hám ǵárezsiz rawajlanıwına jol ashadı. Rossiya ǴMDA mámleketleri arasında eń iri, qúdiretli mámleket esaplanadı, biraq olardıń demografiyalıq jaǵdayın unamlı tárepke ózgertiw mámleketlik siyasat dárejesindegi mashqalalardan biri bolmaqta. 1990-jıllardan beri tábiyiy ósim biraz tómenlegen, xalqı Orta Aziya hám basqa da ǴMDA mámleketlerinen kóship barǵanlar (migraciyalıq ósim) esabınan ósip atır hám jumısshı kúshine bolǵan mútájlikti qanaatlandırmaqta.

Ǵárezsizlikke eriskennen keyin Ózbekstannan da shet ellerge, Rossiyaǵa hám basqada aymaqlarǵa hár qıylı maqsetlerde kóship ketip atırǵanlar kóplep tabıladı. Respublikadan ketip atırǵan emigrantlar quramında birinshiden bir waqıtları hár qıylı sebeplerge baylanıslı kelip qalǵan rus milletine tán adamlar hám olardıń perzentleri esaplanadı. Ekinshiden, evreyler, nemecler, grekler, qazaqlar, mesxetler, túrkler hám.t.b. óz eline yamasa basqa mámleketlerge kóshiwi baqlanbaqta. Bunday migraciyanı etnikalıq migraciya dep te ataw múmkin. Úshinshiden, jergilikli millet wákilleri (ózbekler, qaraqalpaqlar) arasında da jumıs islew, oqıw maqsetinde basqa orınlarǵa barıp jasaw ushın sırtqı migraciyaǵa aktiv qatnasıp atır. Bul ǵalabalıq miynet migraciyası esaplanadı. Bul migraciyada qatnasıp atırǵanlar waqıtsha yamasa turaqlı jasaw ushın ketedi.

Ózbekstan xalqınıń xalıqaralıq migraciyaǵa qatnasıwı kóbirek shet elge kóship ketiwshiler esabınan bolıp, migraciya saldosı keri «-», (minus) tús alǵan. Ózbekstan ushın shet mámleketlerge kóship ketip atırǵan kadrlar arasında ilim, bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw, huqıq tarawındaǵı jetik, maman qánigelerdiń bolıwı úlken joǵaltıw bolmaqta. Xalıqaralıq migraciyada qatnasıp mámleketimizge kóship kelip atırǵan adamlardıń kópshiligin isbilermenler, ilimiy xızmetkerler, elshixana xızmetkerleri quraydı. Bular waqıtsha jasap keyin watanına qaytıp ketedi. Ǵárezsizlikke eriskennen keyin xalıqaralıq migraciya procesi menen bir qatarda jergilikli ishki migraciyada ádewir janlandı.

Ishki migraciyada awıldan-qalaǵa hám qaladan-qalaǵa baǵdarları boyınsha xalıq háreketi kúsheydi. Yaǵnıy awıllıq orınlarda ayırım kárxana hám xojalıqlardaǵı jumıslardıń toqtap qalıwı xalıqtıń, ásirese, jaslardıń jumıs izlep oray qalalarǵa barıwına tuwra keldi. Ulıwma Ózbekstan ushın ishki migraciyada waqıtsha jasaw orının ózgertetuǵınlar hám mayatnik migraciyada qatnasatuǵınlar muǵdarı hámme dáwirlerde de joqarı bolıp kelgen. Qalalardaǵı migraciyada jedellesip kishi qalalarda jasawshılardıń iri qalalarǵa kóshiwi esabınan iri qalalar xalqınıń sanı turaqlı ósip bardı.

Xalıqtıń migraciyalıq háreketi aymaqtıń sociallıq-ekonomikalıq hám demografiyalıq jaǵdayın jaqsılawǵa xızmet etiwi kerek.

*Ekonomikalıq faktorlar* – xalıqtıń migraciyasına tásir etiwshi faktorlar arasında ekonomikalıq faktorlar eń áhmiyetlisi esaplanadı, sebebi qalǵan barlıq faktorlar sońında ekonomikalıq máselelerge aylanadı yamasa ekonomikalıq aqıbetlerge alıp keledi. Ekonomikalıq faktorlar degende hárbir mámlekettiń ekonomikalıq sistemasınıń bekkemligi, onıń ósiw dárejesi hám rawajlanıw kólemi túsiniledi. Dúnyanıń hár qıylı regionlarındaǵı ekonomikalıq múmkinshilikleri, miynet sharayatları hám miynet haqı arasında júzege kelgen ayırmashılıq jumısshı kúshlerin mámleketler aralıq kóship júriwine sebepshi zárúrli faktor bolıp tabıladı. Mısalı; AQShnıń dáramatı, Meksikadaǵı dáramattan shama menen

10 esege artıq bolıwı meksikalı jumısshılardıń AQShna jumıs izlep ketiwine tiykargı sebep bolmaqta. Demek, ekonomikalıq faktor jer júzindegi rawajlanǵan bay hám rawajlanıp atırǵan mámleketlerdiń ekonomikalıq múmkinshilikleri xalıqaralıq migraciyaǵa hám dúnya júzilik miynet bazarınıń háreketine tásir etip turatuǵın tiykargı faktor esaplanadı.

*Demografiyalıq faktorlar* – xalıqtıń ósiw páti, xalıq sanınıń kóbeyiwi yamasa kemeyiwi menen baylanıslı bolǵan faktorlar demografiyalıq faktorlar bolıp tabıladı. Bunday faktorlar qatarına birinshi gezekte xalıqtıń tábiyiy ósiw dárejesin kirgiziw múmkin, sebebi tábiyiy ósiw migraciyalıq procestiń jedellesiwine óz tásirin tiygizedi. Tábiyiy ósiw miynetke jaramlı xalıqtıń jeterli muǵdarda bolıwına hám demografiyalıq ósimi tómen qońsı mámleketlerdi miynet resursları menen támiyinlep, migraciyalıq ósiwge de jol ashadı. Usı jerde demografiyalıq faktorlardıń ekonomikalıq faktorlar menen tıǵız baylanısın ayrıqsha atap ótiw orınlı. Hár bir mámlekettiń ekonomikalıq ósiwi menen tábiyiy ósiw arasındaǵı ayırmashılıq migraciya procesinede úlken tásir etedi. Eger tábiyiy ósiw dárejesi ekonomikalıq ósiw dárejesinen joqarı bolsa, bul mámlekette jumıssızlar sanınıń artıwına hám adamlardıń shet elge jumıs izlep ketiwine sebep boladı. Tábiyiy ósiwi ekonomikalıq ósiwden tómen bolsa, mámlekette jumısshı kúshine bolǵan talap artadı hám shet elden jumıs izlep keliwshilerdiń de sanı artadı.

*Siyasiy faktorlar* – ayırım mámleketlerdegi, siyasiy jaǵdaydıń turaqlı emesligi olardıń ekonomikalıq jaǵdaylarına tásir etip, mámlekettiń jumısshı kúshiniń shet ellerge aǵımın keskin kúsheytedi. Sonday-aq, hár qıylı siyasiy krizis hám urıslar nátiyjesinde májbúriy migrantlar (qashqınlar, deportaciya etilgenler) sanınıń kóbeyiwine alıp keledi.

*Sociallıq faktorlar* – xalıqtıń migraciyalıq háreketin keltirip shıǵarıwshı faktorlar arasında sociallıq faktorlarda óz ornına iye. Social faktorlar ishinde etnikalıq faktorlar da óz baǵdarına iye. Etnikalıq faktorlarǵa hár bir xalıqtıń tili, milliyligi, úrp-ádetleri, salt-dástúrleri, turmıs tárizi hám ulıwma ózine tán bolǵan ózgeshelikleri mısal boladı. Olardıń hár biri migraciya procesin tezlestiriwi yamasa páseytiwi múmkin. Til faktorı da migraciyaga sezilerli dárejede tásir etedi. Adamlardıń til biliwi de olardıń migraciyalıq processke qatnasıwına yamasa qatnaspawına sebepshi boladı.

*Ekologiyalıq faktorlar* – XX ásirdiń ortalarınan baslap migraciyalıq faktorlar qatarına ekologiyalıq faktorlarda qosıldı hám barǵan sayın onıń kólemi artıp barmaqta. Insanlardıń ómirine ekologiyalıq jaqtan qáwip tuwılatuǵın orınlardan olardıń kóship ketiwi tábiyiy jaǵdayǵa aylandı. Mısalı Ózbekstanda eki iri qáwipli ekologiyalıq oshaq bolıp, olar Aral teńiziniń qurıwına baylanıslı ekologiyalıq qáwipli region Qaraqalpaqstan Respublikası hám Surxandárya oblastınıń Tájikstan menen shegara aymaqları (Tursunzada alyuminiy zavodı) bolıp, bul jerdegi adamlar ózleriniń hám keleshek áwladlarınıń tágdirin oylap basqa ekologiyalıq tárepten qáwipsiz aymaqlarǵa kóship ketpekte.

**Juwmaq.** Búgingi kúnde jer júzi mámleketleriniń ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi oǵada zárúrli global áhmiyetke iye bolıp, migrantlar aǵımı barǵan sayın usı joqarı ekonomikalıq rawajlanǵan mámleketlerge jedellespekte. Ásirese, jumıs tabıw maqsetinde hayal-qız migrantlar sanı da kóbeymekte. Xalıqaralıq migraciyada xalıqtıń kóship ketip hám kóship kelip atırǵan migraciya aǵımın durıs basqarıw júdá áhmiyetli esaplanadı. Migraciya nátiyjesinde adamlardı nızamsız túrde shegeradan alıp ótiw, satıw, AIJS (Ayrıqsha immunitet jetispewshiligi sindromı) infekciyasın hám basqa da keselliklerdi bir mámleketten ekinshi bir mámleketke tasıw sıyaqlı unamsız jaǵdaylar barǵan sayın artıp barmaqta. Maman qánigeler hám er adamlardıń migraciya procesinde aktivlesiwi nátiyjesinde shańaraq táshwishleriniń hayallar juwapkershiliginde qalıwı hám hátteki shańaraqlardıń buzılıp ketiwine de alıp kelmekte.

Insanlardıń territoriyalar boyınsha kóshiwi xalıqtıń sanı quramı hám dinamikasına da tikkeley tásir etedi. Bul tásir kishi aymaqqa ǵana emes, iri materik, region, mámleketler sheńberinde de bilinedi. Sonday-aq, mexanikalıq háreket nátiyjesinde xalıqtıń sanı, tıǵızlıǵı, kóbeyiwi hám demografiyalıq jaǵdayları da ózgeredi. Bul ózgerisler unamlı hám unamsız kóriniske iye boladı. Mısalı: xalıq kóship ketip atırǵan aymaqlarda úlken jastaǵı adamlar úlesiniń kóbeyiwi júz beredi. Nátiyjede tuwılıw salıstırmalı azayadı, ólimniń ortasha muǵdarı joqarı boladı, xalıqtıń ósiw páti tómenleydi yamasa xalıq sanı azayıp baradı.

Demek, belgili bir kásipke hám tájiriybege iye bolǵan adamlar kóship júredi. Jańa qurılıs hám awıl xojalıq jerlerin ózlestirilip atırǵan aymaqlarǵa maman jumısshı kúshi keliwi, olardıń ekonomikalıq rawajlanıwın tezlestiredi, óndiristiń salıstırmalı jetilisken texnika túrlerin rawajlandırıwǵa múmkinshilik beredi. Sońǵı jıllarda migraciya masshtabı mámleket ishinde hám mámleketler aralıq kólemde de keńeyip barmaqta. Migraciyalıq processlerdi basqarıw, durıs jolǵa qoyıw hár bir mámlekettiń migraciyalıq siyasatınıń baslı wazıypası eken, demek mámleketler aralıq hám mámleket ishindegi xalıqtıń migraciyalıq háreketin durıs shólkemlestiriw, ámelge asırıw, ámeldegi miynet resurslarınan aqılǵa muwapıq paydalanıw, óndirislik tarawlardı durıs jolǵa qoyıw, maman qánigelerdi basqa mámleketlerge belgili bir múddetke jiberiw, mámleketler arasında "qánigeler almasıwı" jumısların jolǵa qoyıw hám adamlardıń abadan turmıs keshiriwi ushın qolaylı sharayatlar jaratıw búgingi kúnde rawajlanıp atırǵan mámleketler aldındaǵı mashqalalardan esaplanadı.

**Ádebiyatlar**


1. Alikhan Aman. Population migration in Uzbekistan (1998-1999). – Тошкент: «Шарк», 2000.
2. Караханов М.К. Некапиталистический путь развития и проблемы народонаселения. – Ташкент: «Зиё», 1982.
3. Рыбаковский Л.Л. Миграция населения: прогнозы, факторы, политика. – Москва: «Мысль», 1987.
4. Ҳакимова М. ва бошқ. Халқаро иқтисодий муносабатлар. – Тошкент: «Ўзбекистон», 1997.